

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan sapopoé, manusa teu leupas tina basa. Salah sahiji fungsi basa di antarana pikeun alat komunikasi jeung interaksi papada jalma di wewengkon kulawarga, masarakat, jeung lingkungan sosialisasi séjénna. Tanpa basa hiji masarakat teu bisa nanyakeun hubungan jeung sasamana.

Sajaba ti katerangan di luhur, basa oge jadi alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora nu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969:5). Numutkeun Sudaryat (1991:1) basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

Campur kode nya éta kajadian campurna basa kadua kana basa kahiji, campurna basa asing kana struktur basa indung. Sasaruannana anu aya dina alih kode jeung campur kode téh nya éta ngagunakeun dua basa atawa leuwih, atawa dua variabel tina salah sahiji basa masarakat tutur. Dina campur kode aya salah sahiji kode utama atawa kode dasar anu digunakeun jeung ngabogaan fungsi jeung kaotonomian. Sedengkeun kode-kode nu séjénna nu aya dina omongan ngan ukur potongan kecap wungkul, teu ngabogaan fungsi atawa kaotonomian salaku kode.

Fasold (1984) nawarkeun kriteria gramatika keur ngabédakeun campur kode tina alih kode. Mun hiji jalma ngagunakeun hiji kecap atawa frasa tina hiji basa, manehna geus ngalakukeun campur kode.

Di sakola guru-guru kabiasaanana ngagunakeun campur kode nalika nuju nerangkeun ka muridna, ku sabab kiwari loba anggota masarakat, hususna murid ngagunakeun dua basa dina kahirupan sapopoe. Eta kagiatan komunikasi model kitu téh kaasup kana campur kode. Misalna waé di sakola-sakola dasar di kota Bandung, salah sahijina di SDN GENTRA MASEKDAS II. Basa nu dijadikeun basa panganteur dina pangajaran kelas-kelas munggaran téh nya éta basa Indonesia lain basa daérah atawa basa Sunda. Ogé teu loba murid jeung guru nu maké Basa Sunda dina kahirupan sapopoéna.

Patali jeung hal éta, nalungtik ngeunaan campur kode basa Sunda jeung basa Indonesia dina kagiatan diajar di kelas II SDN GENTRA MASEKDAS II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kalér Kota Bandung.

Dina ieu panalungtikan nu dipaluruh téh basa nu dipaké sapopoé ku warga sakola hususna murid jeung guru. Dina ieu panalungtikan pedaran diwatesanan kana makéna campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan diajar di kelas II SDN GENTRA MASEKDAS II. Di antarana basa Sunda nu dipaké dina pangajaran (dijadikeun basa panganteur pikeun pangajaran di kelas-kelas munggaran); basa Sunda jadi alat komunikasi di lingkungan kulawarga, sakola tur masarakat Sunda (komunikasi sasama guru, komunikasi guru jeung murid, ogé basa nu dipaké murid jeung sasamana) nu mangrupa lambang kareueus jeung jatidiri masarakat Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan museur kana masalah anu ditalungtik jeung jelas data nu dianalisisna, ieu panalungtikan teh diwatesanan kana perkara campur kode basa Sunda kana basa Indonesia dina kagiatan pangajaran di kelas II SD Negeri Gentra Masékdas II di Kelurahan Suka Asih Kecamatan Bojongloa Kalér. Hal ieu patali jeung samporetna waktu, biaya, katut tanaga nu nalungtik.

1.1.2 Rumusan Masalah

1. Basa naon nu dominan dipaké pikeun basa panganteur diajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II?
2. Naon nu nyababkeun ayana campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan diajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II?
3. Kumaha campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan diajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah nu di luhur, tujuan dina ieu panalungtikan nya éta sangkan nyaho basa panganteur nu dipake ku guru jeung siswa dina kagiatan pangajaran di kelas. Ari tujuan hususna, pikeun ngadéskripsikeun.

1. Basa nu dominan dipaké pikeun basa panganteur diajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II.

2. faktor-faktor nu nyababkeun ayana campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan diajar ngajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II.
3. campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan diajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna, di antarana :

1. pikeun panalungtik, sangkan nambahan kajembaran ngeunaan campur kode;
2. pikeun kamekaran paelmuan nambahan kareueus jeung ngamumulé kana basa indung urang Sunda;
3. pikeun nu maca, ku ayana ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina hal kabasaan, anu dianggap penting ku manusa pikeun nambahan kaimanan.

1.4 Anggapan Dasar

Anggapan dasar (asumsi) mangrupa dasar panalungtikan anu gunana pikeun dadasar panalungtikan anu bebeneranana bisa ditarima ku balaréa. Éta hal luyu jeung pamadegan (Surakhmad,1998: 60), yén anu dimaksud anggapan dasar téh nya éta: *“sebuah titik tolak kebenaran yang kebenarannya diterima oleh penyidik”*.

Luyu jeung pamadegan di luhur, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan kayaning ieu di handap :

1. Hiji basa moal leupas tina pangaruh basa séjén.
2. Kagiatan campur kode aya dina komunikasi sapopoé.
3. Pangaruh hiji basa kana basa séjénna langsung ngaliwatan pangaruh campur kode.

1.5 Metode Panalungtikan jeung Téhnik Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis, sedengkeun téhnik pikeun ngumpulkeun data ku cara téhnik angkét, rekaman jeung analisis data.

Téhnik analisis datana ngagunakeun analisis deskriptif nya éta maparkeun hiji pasualan anu ditalungtik sangkan jadi jelas.

1.6 Sumber Data

Anu jadi populasi dina panalungtikan ieu nya éta makena basa dina kagiatan diajar ngajar dina mata pelajaran IPA, IPS, Matematika, basa Indonesia, jeung basa Sunda di kelas II SDN Masékdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kalér. Guruna saurang nya éta guru kelas, anu jumlah muridna aya 44 urang.